# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु वीडियो कान्फ्रेंसिंग के जरिया से तीनि गो नया वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। एहमन से एक वन्दे भारत ट्रेन मेरठ से लखनऊ क चारबाग रेलवे स्टेसन के बिच्चे चली। येह ट्रेन क विधिवत संचलन बिहने से लखनऊ से मेरठ अउर तीनि सितम्बर से मेरठ से लखनऊ के बिच्चे होखे लागीं उत्तर रेलवे प्रसासन की ओरि से दीहल गइल जनकारी के हिसाबि से ई ट्रेन मंगर के छोड़ि के पूरा हप्ता चली। वन्दे भारत लखनऊ से दुपहरिया दुइ बजि के पैंतालीस मिनट पर रवाना होई अउर सवा सात घंटा में राति दस बजे मेरठ पहुंची। लखनऊ से चलले के बाद ई ट्रेन बरेली अउर मुरादाबाद में रूकी। मेरठ से ई ट्रेन सबेरे छौ बजि के पैंतीस मिनट पर रवाना होई। वन्दे भारत ट्रेन क सुभारम्भ पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि मेरठ–लखनऊ वन्दे भारत ट्रेन पश्चिम यूपी क लोगिन बदे बड़हन खुसखबरी हौ। एहसे मेरठ के साथे पश्चिमी उत्तर प्रदेस अउर दिल्ली से लखनऊ क दूरी अउरियो कम हो जाई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो प्रधानमंत्री के कार्यक्रम से वर्चुअली जुड़लें। एकरे बाद उहां के सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट लिखि के वन्दे भारत ट्रेन क सौगात देवे बदे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क आभार जतवलीं।

**********

प्रदेस क सड़सठ जिलन में कुलि पांच दिन ले चलल उत्तर प्रदेस पुलिस क आरक्षी भरती परीक्षा आजु सम्पन्न हो गइल। परीक्षा के देखि के प्रदेस सरकार की ओरि से अजुओ रोडवेज क बसन में ओम्मेदवार के एडमिट कार्ड देखावे पर निःसुल्क जतरा क सुविधा दीहल गइल। परीक्षा क सुचिता सुनिस्चित करे बदे सज्जो केन्द्रन पर कड़ेर इंतिजाम कइल गइल। पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार के निरदेस पर नकल माफियन पर नजरि रक्खे बदे एसटीएफ, स्थानीय पुलिस अउर साइबर क्राइम क टीमि पुरहर मुस्तैद रहलि। सथहीं कंट्रोल रूमों से परीक्षा केन्द्रन पर नजरि रक्खल गइल।

**********

गोरखपुर में बनल पूर्वी उत्तर प्रदेस क पहिला सैनिक स्कूल क लोकार्पण उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ करिहें। सैनिक स्कूल क लोकार्पण बदे सात सितंबर क तारीख तय कइल गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क देखरेख में होखे वाले लोकार्पण समारोह में प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेलो मौजूद रहिहें। गोरखपुर क खाद्य कारखाना परिसर में बनल सैनिक स्कूल मे पहली जुलाई से कक्षा क संचलन सुरू हो चुकल हौ। ई उत्तर प्रदेस सैनिक स्कूल सोसाईटी की ओरि से संचालित प्रदेस क दूसरा सैनिक स्कूल हवे।

**********

एसिया क पहिला राजगिद्ध संरक्षण अउर प्रजनन केन्द्र क उद्‌घाटन छौ सितम्बर के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। जटायु के नांव से ई संरक्षण केन्द्र गोरखपुर वन प्रभाग क कैम्पियरगंज क्षेत्र में बनल हौ। तेजी से बिलुप्त हो रहल राजगिद्धन क संरक्षण अउर उनकर संख्या बढ़ावे बदे ई केन्द्र स्थापित कइल गइल हो। एइजा अबले छौ राजगिद्धन के संरक्षण अउर प्रजनन बदे लावल जा चुकल हौ।

**********

केन्द्र सरकार की ओरि से गरीब परिवारन बदे दुई करोड़ से बेसी प्रधानमंत्री आवास देवे क योजना के मंजूरी दिहल गइल हौ। अब प्रदेस में येह योजना क लाभ पात्र गरीबन ले पहुंचावे बदे जिला स्तर पर सर्वे सुरू कइल गइल हौ। येह बारे में आजु बनारस में मीडिया से बातचीत करत मुख्य विकास अधिकारी हिमांशु नागपाल कहलें कि जे भी ग्रामीण पहिले भइल सर्वे में छूटि गइल होखें ऊ येह बेरि के सर्वे में हिस्सा लेके आपन पंजीकरण करा लें। सर्वे क कार्य ग्राम प्रधान अउर ग्राम सचिव के जरिए से हो रहल हौ।

**********

इलाहाबाद हाईकोर्ट क लखनऊ खण्डपीठि प्रदेस सरकार अउर बेसिक सिक्षा परिषद क बरिस दुइ हजार अठारह में सुरू कइल गइल अड़सठ हजार पांच सौ सहायक सिक्षक भरती क रिक्त सत्ताइस हजार सात सौ तेरह पदन बदे दुइ महिन्ना के भित्तर परीक्षा करावे पर कदम उठावे क निरदेस दिहले हौ। हाईकोर्ट कहले हौ कि ई परीक्षा करावे में कउनों रूकावट हो त एकर जनकारी अखबारन में प्रकासित करावल जाव।

**********

राज्यपाल क संस्तुति पर पिछड़ा वर्ग कल्याण विभाग उत्तर प्रदेस पिछड़ा वर्ग राज्य आयोग क गठन कइले हौ। पूर्व सांसद राजेश वर्मा के ऐह आयोग के अध्यक्ष अउर सोहनलाल श्रीमाली आ सूर्य प्रकाश पाल के उपाध्यक्ष बनावल गइल हौ। ऐह आयोग में गोरखपुर क रहवइया चिरंजीव चौरसिया, आरडी सिंह, रविन्द्र मणि, कुशीनगर क फूलबदन कुशवाहा, महाराजगंज क जनार्दन गुप्ता अउर मऊ क विनोद यादव के आयोग क सदस्य नामित कइल गइल हौ।

**********

विमुक्त अउर धुमंतू जातियन के विकास क मुख्यधारा में जोड़े क उद्‌देस्य से आजु विमुक्ति जाति दिवस मनावल जा रहल हौ। एके ले के आजु राजधानी लखनऊ के साथे प्रदेस के कई जिलन में कार्यक्रमन क आयोजन कइल गइल। मऊ जिला क नगर पालिका सभागार में श्रम अउर सेवायोजन मंत्री अनिल राजभर विमुक्ति जाति दिवस कार्यक्रम में कहलें कि प्रदेस सरकार विमुक्त जाति से संदरभित एगो सर्वे करावे क फैसिला लिहले हौ, जवना से येह जाति के लोगिन क सामाजिक, आरथिक अउर राजनीतिक आकलन हो सके।

**********